



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK KÒ ENJENYÈ LAME AMERIKEN AN ANONSE YON KONTRA KI KOUTE 30.7 MILYON DOLA KE YO AKÒDE POU RESTORE AK PWOTEJE FA MONTAUK POINT LAN**

***Yo pral reyabilite revètman wòch yo pou pwoteje moniman istorik Long Island lan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Kò Enjenyè Lame Ameriken (U.S. Army Corps of Engineers, USACE) te anonse jodi a atribisyon yon kontra 30.7 milyon dola yo bay H&L Contracting of Bay Shore, New York, pou pwoteje Fa Montauk Point Lighthouse (Montauk Point Lighthouse) an ak resous kiltirèl ki asosye yo ki sitiye nan pwen ki plis nan lès Long Island lan. Yo prevwa ke pwojè ki ap dire de (2) ane pou pwoteje fa anblematik la kont ewozyon nan bò rivaj la ap kòmanse nan prentan sa a. Fa Montauk Point lan, ki se premye fa yo te konstwi nan Eta New York, se yo Moniman Nasyonal Istorik (National Historic Landmark) nan Rejis Sit Istorik Federal ak Eta a yo (Federal and State Registers of Historic Places).

"Fa Montauk Point lan se yon trezò pou New York, men ewozyon ak pwa ane yo ap menase pou efase li", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Eta a angaje li pou li travay avèk patenè federal yo pou anpeche sa rive epi pou prezève moniman istorik sa a pou jenerasyon Nouyòkè alavni yo ka eksplòre ak pwofite. Avèk devlopman sa a, travay sou teren an kapab kòmanse nan prentan sa a pou fè avanse restorasyon an, asire ke fa George Washington te bay lòd fè a—premye nan New York—rete yon flanbo pou tout moun ka wè."

"Fa Montauk Point lan se mèvèy istorik Long Island lan. Pandan plizyè deseni li te sèvi kòm yon flanbo pou maren yo epi li te fasilite komès ki te rann Eta New York youn nan Eta gen plis pwosperite nan Inyon an. Nati konplèks pwoteksyon senbòl istorik sa a se yon devwa ki byen koresponn ak USACE la", **Kolonèl Matthew Luzzatto, Kòmandan, USACE, Distri New York, te deklare**, "Nou pa ka tann pou asire ke pati enpòtan sa a nan Istwa Ameriken an rete yon senbòl nan fòs nou ak yon senbòl ekselans nan enjeneri militè ameriken pou pwochen 100 ane yo."

George Washington te bay lòd la epi yo te konstwi fa an 1796 apeprè 300 pye de lizyè rekil falèz la. Pandan ane pase yo, sit la te vin deplizanpli danjere ak mwens estab pou vizitè nan estrikti yo nan destinasyon Long Island lan sa a. Jodi a, sit moniman sa a twouve li ak mwens pase 100 pye de lizyè rekil falèz la epi revètman travay masonri ki ap deteryore li yo se sèl bagay ki rete pwoteje fa a pou li pa pèdi nan oseyan akòz ewozyon.

Konplèks fa a gen ladan Tou Fa a (Lighthouse Tower) ak Kay Gadyen an (Keeper's House), Tou Kontwòl Dife a (Fire Control Tower), ak Garaj la, ki te sèvi kòm yon ansyen Kay Gadyen avan sa a. Sit akeyolojik ki asosye ak fa a yo ak falèz la fè pati konplèks la tou.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a, Basil Seggos, te deklare,** "Pwojè sa a se prè anplis nan angajman san fay Gouvènè Andrew Cuomo pou li pwoteje bò rivaj nou yo. Nouvo revètman an ki konstwi avèk patenè nou yo nan Kò Enjenyè Lame Ameriken an pral gen ladan zòn aksè ki pral pèmèt vizitè yo mache an tout sekirite nan tout bò fa a ki bay sou lanmè a".

"Gwo pa enpòtan sa a se yon temwanyaj pou tout travay di ke ekip nou an nan Distri New York la te fè avèk patenè nou yo nan nivo lokal, nan nivo Eta a, ak nan nivo federal la", **Frank Verga, Direktè Pwojè, USACE, Distri New York, te deklare.** "Nou prevwa mete men nan pat la pi bonè posib pou kòmanse travay la pou prezève ak pwoteje Trezò Nasyonal sa a."

Depans yo pataje avèk esponsò pwojè yo. Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ap angaje 15.4 milyon dola nan finansman NY Works (Travay NY yo) kòm esponsò ki pa federal nan pwojè a. Esponsò lokal la, Sosyete Istorik Montauk (Montauk Historical Society), pral mentni sit la apre konstriksyon fini. Envestisman sa a pral pwoteje anpil resous kiltirèl ki asosye avèk konplèks fa a epi ede estabilize anviwònman natirèl la pou sipòte itilizasyon kontini sit la kòm yon atraksyon touristik. Depi li te premye garanti sipò Eta a ak Federal pou pwojè a, USACE ak patenè li yo te ap travay pou garanti apèl d'of yo, akò patenarya pou pwojè yo, ak akò sou aksè pou tout byen imobilye ki enplike yo. Yo prevwa konstriksyon an ap pran apwoksativman de (2) ane.

**Greg Donohue, Direktè Kontwòl Ewozyon pou Fa Montauk Point lan, te deklare,** "Patenarya ki enplike nan atribisyon sa a se yon tèt ansanm ki enpresyonan ant sivil ak ajans gouvènman yo ki te travay ansanm pou enterè komen pou moniman istorik nasyonal sa a ak plas espesyal sa a nan istwa".

**Sipèvize Vil East Hampton Peter Van Scoyoc te deklare,** "Fa Montauk la se yon moniman istorik epitou li se yon senbòl ak yon atraksyon touristik nan Long Island. East Hampton renmen prezève istwa li a anpil, epi mwen kontan pou mwen wè pwojè enpòtan sa a ap avanse".

Travay revètman wòch ki mezire apwoksativman 1,000 pye lineyè a gen ladan retire ak reyitilize wòch blende yo, plasman nouvo wòch blende ki peze 10- ak 15 tòn, epi bay estabilizasyon pou pant yo avèk terasman ak vejetasyon anwo pwent pati siperyè terasman an.

An 1996, Gad Kotyè Etazini (U.S. Coast Guard) an te transfere tit pwopriyete sit istorik la bay Sosyete Istorik Montauk la, ki opere epi ki se mèt pwopriyete a kounye a.

Sosyete Istorik Montauk la devwe a pwoteksyon, prezèvasyon, ak devlopman edikasyonèl moniman sa a ki gen enpòtans nasyonal epi yo responsab pou antretyen dig la depi kòmansman ane 1990 yo. Falèz konplèks fa a sitiye adjasan a Pak Eta Montauk Point lan epi se pechè pwason, sèfè, ak touris yo ki prensipalman itilize l.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)